

# Kontra pou Prete Ódinatè Pòtab nan Bibliyotèk Piblik Boston

dènye modifikasyon, 3 Mas 2011

# Ódinatè Pòtab: \_\_\_\_\_

Tout moun k ap itilize bibliyotèk la ki ta renmen prete nenpòt òdinatè pòtab nan BPL dwe ranpli, siyen ak respekte sa ki nan kontra sa a chak fwa yo swete prete yon òdinatè pòtab. Itilizatè yo ki gen laj 12 ane oswa pi ba dwe gen yon paran oswa gadyen responsab pou siyen kontra sa a nan prezans yon anplwaye bibliyotèk la (epi yo dwe kite yon pyès idantifikasyon ki gen foto yo) chak fwa yo prete yon òdinatè pòtab. Itilizatè yo ki gen laj 13-17 ane ki pa gen pyès idantifikasyon ki gen foto ka fè egalman yon paran oswa gadyen responsab siyen kontra epi kite pyès idantifikasyon yo ki gen foto. Pyès idantifikasyon ki gen foto obligatwa pou tout itilizatè ki gen laj 18 ane oswa pi gran.

Mwen \_\_\_\_\_ dakò pou swiv règleman sa yo pou prete yon òdinatè pòtab nan Bibliyotèk Piblik Boston an:

1. Mwen pral pran òdinatè pòtab la avèk pwòp **kat Bibliyotèk Piblik Boston mwen an ki valab** (mwens pase \$10 nan penalite ak anyen ki depase plis ke 30 jou reta).
2. M ap kite yon **pyès idantifikasyon ki gen foto kòm yon garanti**, mwen konprann m ap rejwenn li lè m retounen òdinatè pòtab la nan menm kondisyon lè m te prete l.
3. Mwen pral **kenbe òdinatè pòtab la nan menm** pandan tout peryòd li nan posesyon mwen an. Mwen pa p mande okenn moun gade òdinatè pòtab la pou mwen pou okenn rezon. **Mwen pa p janm kite òdinatè pòtab la san siveyans, pa menm pou yon moman.**
4. Mwen pral **retounen òdinatè pòtab la nan delè yo ban mwen an** bay anplwaye bibliyotèk la ki te prete m òdinatè pòtab la, sa ki pa p janm pita ke 1/2 èdtan anvan bibliyotèk la fèmen.
5. Mwen konprann Mwen pral rejwenn pyès idantifikasyon ki gen foto mwen an apre anplwaye bibliyotèk la fin enspekte òdinatè pòtab la epi asire ke li retounen nan menm kondisyon mwen te prete li a. Mwen pral **rezève tan anvan mwen kite** kidonk enspeksyon sa a pa p fèt nan prese. Si gen domaj y ap fè kopi pyès idantifikasyon m anvan yo remèt li konsa bibliyotèk la ka genyen tout kontak enfòmasyon m pou yo chaje m pou domaj yo.
6. Si mwen neglije pou retounen òdinatè pòtab la alè mwen pral paye yon **frè reta \$1 pou chak minit** apre delè a. Si mwen neglije pou retounen òdinatè pòtab la anvan bibliyotèk la fèmen mwen pral peye lajan pou ranplase òdinatè a, **sa ki pral depase \$1,000.**
7. Mwen pral **sèlman itilize òdinatè pòtab la anndan bibliyotèk la**. Si mwen deplase òdinatè pòtab la nan bibliyotèk la mwen konprann ke kalite aksyon sa a pral konsidere tankou vòl epi yo pral chaje m lajan pou ranplase òdinatè pòtab la ansanm avèk posibilite pou yo chaje m de lòt krim adisyonèl. Mwen konprann mwen ka itilize òdinatè pòtab la nan bibliyotèk la epi mwen pa prale okenn lòt kote avèk li. (Si mwen pa sèten, mande anvan w siyen kontra sa a).
8. Mwen te **enspekte òdinatè pòtab la avèk zye mwen** epi mwen te rapòte nenpòt domaj bay anplwaye ki te ban mwen li a.  Mwen pral retounen l nan menm kondisyon li ye kounye a pandan m ap prete li a. Mwen pral **peye** Bibliyotèk Piblik Boston nenpòt sa li koute **pou repara nenpòt domaj** ki rive pandan li nan posesyon mwen epi mwen konprann ke frè a **ka depase \$1,000** epi yo pral chaje l sou kont bibliyotèk mwen an.  
Mete inisyal ou la
9. Mwen konprann ke nenpòt dokiman ki anrejistre sou òdinatè pòtab la pral pèdi imedyatman lè òdinatè pòtab la relouvri. Mwen pral pwoteje nenpòt bagay mwen swete gade lè m ap **anrejistre l sou yon aparèy lektè flash USB mwen pote**, oswa **m ap imèl li**
10. Mwen konprann ke mwen pa dwe manje oswa bwè toupre òdinatè pòtab la.
11. Mwen konprann ke BPL pa responsab pou nenpòt domaj ki rive nan materyèl la, lojisyèl, oswa done yo pandan yon moun ki prete l ap itilize òdinatè pòtab la. Itilizatè yo dwen genyen lojisyèl anti-virus ki ajou sou aparèy yo anvan yo itilize òdinatè pòtab la.\
12. Mwen pa pral fè kopi, retire, oswa enstale okenn lojisyèl ki soti /nan òdinatè pòtab la.
13. Mwen konprann ke entènèt la ka aksesib nan yon òdinatè pòtab ki prete epi moun ki prete òdinatè yo dwe okouran ke entènèt la gen materyèl ki de nati kontwovès. N ap fè itilizatè yo sonje ke se responsabilite yo sou ki pwen aksè ke yo rive. Paran ki genyen timoun minè dwe pran responsabilite sou itilizasyon pitit yo ka fè atravè yon òdinatè pòtab ke yo prete nan BPL.
14. Mwen konprann ke mwen pral swiv tout règleman BPL yo, ak lwa federal ak eta pandan m ap itilize òdinatè pòtab la, enkli lwa ak règleman sou materyèl gwosye, ak dwadotè. Mwen konprann ke nenpòt vyolasyon de règleman ak /oswa lwa yo ka lakoz privilèj mwen nan bibliyotèk la sispann oswa revoke ak si nesèsè aksyon legal.
15. Mwen konprann si mwen **neglije pou konfòme** avèk lwa, règ ak règleman ki etabli pa bibliyotèk la sa ka lakoz yo mete m deyò nan lokal la epi si yo ekspilse m nan Bibliyotèk la pou yon peryòd yon jou yon ane, oswa yo arete m oswa pouswit jidisyèl. Vyolasyon yo ka egalman lakoz nan restriksyon ak/oswa revokasyon privilèj mwen nan Bibliyotèk la, enkli itilizasyon òdinatè yo ak lòt ekipman. Mwen konprann anplis ke si yo ekspilse m pou plis pase yon semèn mwen ka ale an apèl lè mwen ekri Prezidan Bibliyotèk la.

\_\_\_\_\_ (non)

\_\_\_\_\_ (dat)



## Lily Direktiv pou Prete nan Bibliyotèk Piblik Boston

dènne modifikasyon, 3 Mas 2011

Direktiv sa yo te etabli pou favorize aksè a yon varyete materyèl ak sèvis epi swiv [Règleman pou gen aksè a Materyèl](#) Bibliyotèk Piblik Boston nan pwoteje dwa ke "(t)detèminasyon de ki materyèl ak sèvis yon moun pral itilize ap rete sèl responsabilite moun k ap itilize bibliyotèk la."

1. Tout itilizatè k ap prete yo dwe geyen yon kat Bibliyotèk Piblik Boston ki valab (mwens pase \$10 nan penalite ak anyen ki depase plis ke 30 jou reta).
2. Mèt kat yo responsab pou tout materyèl yo prete oswa yo gen aksè nan kat yo a oswa kat timoun yo (anba laj 17 ane) pou sa yo te pran responsabilite. Yo dwe rapòte kat ki pèdi yo imedyatman; mèt kat yo responsab pou tout materyèl ki sou kat yo jiska nan moman yo te rapòte ke kat la pèdi.
3. Premye priorite pou itilizasyon òdinatè pòtab la sèke bibliyotèk la ofri fòmasyon ak pwogramasyon. Lè yo pa bezwen l pou pwogram BPL, òdinatè pòtab yo disponib sou yon baz premye vini, premye sèvi. Yo pa ka rezève alavans.
4. Moun k ap prete yo dwe siyen yon Kontra Prè epi kite yon pyès idantifikasyon ki gen foto kòm yon garanti chak fwa yo prete yon òdinatè pòtab.
5. Moun k ap prete yo ki gen laj 12 ane oswa pi gran dwe gen yon paran oswa yon gadyen responsab pou siyen kontra nan prezans yon anplwaye bibliyotèk la chak fwa y ap prete yon òdinatè pòtab. Paran/gadyen timoun nan dwe egalman kite pyès idantifikasyon ki gen foto yo. Moun k ap prete yo ki gen laj 13-17 ane ka gen yon paran egalman oswa yon gadyen responsab pou fè menm fonksyon an si yo pa genyen yon pyès idantifikasyon ki gen foto pou yo kite. Okenn moun ki gen 18 ane oswa pi gran pa ka prete yon òdinatè Pòtab san yo pa kite yon pyès idantifikasyon ki gen foto yo.
6. Bibliyotèk la ap prete yon òdinatè Pòtab pou yon peryòd 2 zèdtan. Si pa gen lòt moun k ap rete tann yon òdinatè Pòtab anplwaye bibliyotèk la ka ogmante peryòd prè a nan diskresyon yo.
7. Ódinatè Pòtab yo ki pa retounen alè pral sijè a yon frè reta \$1 pou chak minit yo anreta.
8. Ódinatè Pòtab yo dwe retounen 1/2 èdtan anvan lokal kote yo prete a fèmen. Ódinatè Pòtab yo ki pa retounen anvan fèmti a pral konsidere pèdi epi yo pral chaje frè ranplasman anplèn sou kont moun ki te prete a.
9. Yo ka itilize òdinatè Pòtab yo sèlman nan Bibliyotèk la. Si yo deplase òdinatè Pòtab yo nan bibliyotèk la sa pral konsidere tankou yon vòl epi bibliyotèk la pral chaje frè ranplasman anplèn sou kont moun ki prete a. Restriksyon adisyonèl sou kote yo ka ale avèk òdinatè Pòtab yo ka anplas depann de lokasyon an. Itilizatè yo dwe toujou verifye avèk anplwaye bibliyotèk la k ap prete yo òdinatè a si yo pa sèten sou ki kote yo ka ale avèk òdinatè Pòtab la.
10. Se responsabilite moun k ap prete a pou l enspekte òdinatè Pòtab la lè l ap pran l. Si moun k ap prete a wè òdinatè Pòtab la gen yon domaj, li dwe imedyatman siyale l bay anplwaye bibliyotèk la ki te bay òdinatè a. Anplwaye a ap note domaj la kidonk yo pa p chaje moun ki prete a pou li. Moun ki prete a pran tout responsabilite pou domaj òdinatè Pòtab la akoz negligans, abi, pèt oswa domaj fizik. Pri pou repare yon òdinatè ki andomaje pral detèmine dapre pri ki disponib nan moman sa. Pri a ka depase \$1,000 epi li pral chaje sou kont bibliyotèk moun ki prete a.
11. Nenpòt dokiman ki anrejistre sou òdinatè Pòtab la pral pèdi imedyatman depi yo relouvri òdinatè a. Nenpòt done itilizatè ta swete gade dwe anrejistre sou yon aparèy lektè flash USB, oswa imèl li.
12. Bibliyotèk la pral deziyen anplwaye ki responsab pou verifikasyon ak retou òdinatè Pòtab yo. Lè itilizatè a fin sèvi avèk òdinatè a, yo dwe retounen l bay anplwaye ki deziye an epi rete tann pou l enspekte l ak mete l nan plas li. Depi anplwaye a fin verifye ke òdinatè a nan menm kondisyon lè li te prete li a y ap antre l nan envantè yo epi remèt moun ki prete a pyès idantifikasyon ki gen foto a.
13. Aplikasyon règleman sa yo pral mennen nan yon fason ekkitab ak rezonab. Anplwaye bibliyotèk la ak/oswa anplwaye nan sekirite a pral entèveni pou sispann aktivite ak konpòtman ki entèdi yo. Si w pa konfòme avèk lwa, règleman ki etabli nan bibliyotèk la sa ka lakoz yo mete w deyò nan lokal la epi ekspilse w nan bibliyotèk la pou yon peryòd de yon jou a yon lane, oswa arestasyon ak pouswit jidisyè. Vyolasyon yo ka egalman lakoz restriksyon ak/oswa revokasyon privilèj bibliyotèk la, enkli itilizasyon òdinatè ak lòt ekipman. Si yo mete w deyò pou plis pase yon semèn ou ka ale an apèl lè w ekri Prezidan Bibliyotèk la.

